



Pou Piblikasyon Imedya: 06/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TANPÈT IVÈ A AP AFEKTE RANDEVOU POU  
VAKSEN DIMANCH YO NAN SIT ETA A JERE YO NAN LONG ISLAND**

***Sit vaksinasyon eta a dirije nan Stony Brook ak Jones Beach ap fèmen dimanch 7  
fevriye avèk tout randevou yo ki repwograme sou 7 jou k ap vini yo***

***Sit vaksinasyon eta a dirije nan Buffalo rete fèmen jodi a avèk tout randevou yo ki  
repwograme pu dimanch 7 fevriye ak lendi 8 fevriye***

***Tout lòt sit vaksinasyon eta a dirije yo rete ouvri jan yo te pwograme a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke randevou vaksen ki te pwograme pou dimanch 7 fevriye nan sit eta a dirije nan Long Island ak Stony Brook ak Jones Beach ap ranvwaye akòz move tan ivè a ki afekte zòn nan. Randevou yo ap repwograme pou sèt jou k ap vini yo. Nouyòkè ki gen randevou ki te pwograme pou dimanch nan sit Long Island yo ap resevwa yon imel oswa mesaj tèks ki repwograme vaksinasyon yo a. Sila yo ki gen randevou ki pwograme pou demen yo ap kapab repwograme yon randevou pou jodi a.

"Yo prevwa yon gwo tanpèt ivè k ap pote anpil nèj, gwo van ak kondisyon ki gen chans pou danjere ki ta ka afekte depلاسman epi lakoz koupi kouran atravè Long Island, e nan ka sa n ap ranvwaye randevou nan sit vaksinasyon eta a dirije nan Stony Brook ak Jones Beach nan enterè sekirite rezidan yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Si ou genyen yon randevou, ou p ap pèdi plas ou, e nou mande tout moun ki pa t genyen yon randevou pou demen pou yo pa vini nan sit sa yo jodi a epi pou yo rete pasyan."

Yè, Gouvènè a te anonse ke randevou vaksen yo te repwograme pou jodi a nan sit eta a dirije nan Buffalo ki te ranvwaye akòz move tan ivè ki afekte zòn nan, e randevou sa yo rete ranvwaye.

Nan kad pwosesis repwogramasyon an epi nan limit ki posib, delè nouvo randevou yo ap pwograme nan aliyman ak lè randevou orijinal la. Si nouvo lè randevou sa pa fonksyone pou yon moun akòz chanjman jou a, y ap ba yo yon nimewo kontak pou idantifye yon lè diferan ki ka fonksyone pi byen pou moun nan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)